



Kay ki san Danje: **Kenbe kay ou** **sen ak san danje** **pou timoun yo**

**Itilize gid sa a pou idantifye ak
elimine danje nan kay ou.**



Plon

Plon se yon pwazon yo jwenn souvan nan penti ki ansyen. Penti abaz plon, ak pousyè li vin tounen an, se bagay ki lakòz plis ka anpwazònman plon kay timoun nan Vil New York (New York City, NYC). Bilding yo ki te bati anvan 1960 ka toujou gen penti abaz plon sou miray yo, fenèt yo, twil fenèt yo, pòt yo ak lòt sifas. Epitou, ou ka jwenn plon nan kèk pwodwi konsomatè, ak nan kèk tè ak plonbri. Anpwazònman plon ka lakòz pwoblèm pou timoun yo aprann ak pwoblèm nan konpòtman yo, ak pwoblèm pandan gwosès ak lòt pwoblèm sante kay granmoun (tankou tansyon wo, pwoblèm newolojik ak ren, enfètilite ak enpwisans).

Pou pwoteje pitit ou kont anpwazònman plon:

- Raple doktè ou pou li teste pitit ou pou anpwazònman plon lè li gen 1 lane ak 2 lane. Mande pou tèspou pou timoun ki pi gran.
- Si ou wè penti ap dekafe, di pwopriyetè a sa. Rele **311** pwopriyetè si yo pa regle pwoblèm nan oswa si ou panse reparasyon an pa te fèt san danje.
- Lave planche, fenèt, men, jwèt ak sousèt yo souvan.
- Evite itilize pwodwi yo konnen gen plon. Gen kèk pwodwi ki soti nan lòt peyi yo - tankou remèd sante, manje, epis, jwèt, seramik, pwodwi kosmetik ak poud relijye- ki ka gen plon, menm si plon pa make nan lis sou anbalaj pwodwi a. Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou **[nyc.gov/hazardousproducts](https://www.nyc.gov/hazardousproducts)**.
- Itilize sèlman dlo tiyo frèt pou bwè, fè manje ak prepare lèt fòmil ti bebe. Kite dlo a kouri pou omwen 30 segonn, jiskaske ou remake li vin pi frèt, anvan ou sèvi ak li. Rele **311** pou resevwa yon kit tèspou plon gratis pou dlo pou bwè.

Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou **[nyc.gov/lead](https://www.nyc.gov/lead)**.





Bèt Nuizib

Bèt nuizib tankou ravèt ak sourit ka fè sentòm opresyon vin pi mal oswa li ka deklannche yon kriz opresyon.

Pou kontwole bèt nuizib lakay ou:

- Mete mèt kay la oswa responsab la okouran dlo k ap koule, kote ki fraktire, twou, ak bèt nuizib ki gen ladan yo. Rele **311** si yo pa rezoud pwoblèm nan.
- Kenbe manje yo nan veso ki byen fèmen.
- Retire fatra, tankou bwat katon, jounal ak sache plastik.
- Sèvi ak poubèl ki gen kouvèti ki sere byen, epi mete poubèl ak sa w ap resikle yo deyò chak jou.
- Mare sachè poubèl yo avan ou mete yo nan konpaktè pou jete fatra yo
- Sèvi ak pèlen-rat pou sourit ak pyèj pou atire wonjè ak jèl pou kenbe ravèt ak foumi.
- Pa janm sèvi ak pestisid ilegal tankou Tres Pasitos, Chinese Chalk oswa Tempo.
- Pa janm sèvi ak pwodwi fimijèn, bonm oswa lòt pyèj pou wonjè ki detachab.



Mwazi

Kote ki gen mwazi oswa ki kanni ka lakòz reyaksyon alèjik epi yo ka fè sentòm opresyon vin pi mal oswa li ka deklanche yon kriz opresyon.

Pwoteje fanmi ou kont mwazi ak bagay ki kanni.

- Kite kote ki mouye yo pran van (tankou twalèt ak kizin). Pou fè sa, louvri yon fenèt oswa louvri vantilatè pandan w ap benyen oswa fè manje.
- Mete pwopriyete a ak responsab la okouran tout kote k ap koule nan plonbri ak pwoblèm imidite ki gen nan kay la. Rele **311** si yo pa rezoud pwoblèm nan.
- Si li posib, bloke kote ki gen mwazi yo jisake yo netwaye oswa ranje yo, epi pa kite timoun ak bèt domestik yo ale kote yo.
- Sèvi ak yon dezimidifikatè pou bese nivo imidite lakay ou.



Lafimen Tabak

Lafimen sigarèt moun k ap fimen se yon bagay danjere. Li bay moun ki fimen ak moun ki pa fimen kansè, maladi kè ak lòt maladi. Sa ki pi rèd la, li ogmante risk pou timoun fè opresyon epi li ka fè sentòm opresyon vin pi mal oswa li ka deklanche yon kriz opresyon.

Pou pwoteje pitit ou kont lafimen sigarèt:

- Sispann fimen. Si ou bezwen èd pou sispann fimen, rele **311** oswa ale sou **nyc.gov** epi chèche **quit smoking** (sispann fimen).
- Pa kite moun fimen anndan lakay ou. Menmsi ou fimen nan yon chanm apa oswa tou pre yon fenèt ouvè, vantilatè oswa èkondisyon sa pa pral pwoteje moun ki pa fimen yo kont lafimen sigarèt.






Danje

Bagay ou itilize chak jou tankou medikaman ak pwodwi netwayaj ka vin yon danje lè li tonbe nan men yon timoun. Lòt danje genyen ladan monoksid kabòn ki koule nan aparèy ki kase ak fenèt ki pa gen pwoteksyon gad fenèt.

Pou pwoteje pitit ou kont danje:

- Asire w gad fenèt yo enstale byen si gen yon timoun pi piti pase 11 lane k ap viv nan menm kay avèk ou. Si gen nenpòt gad fenèt ki manke, di pwopriyetè kay ou sa. Rele **311** si yo pa rezoud pwoblèm nan.
- Asire ou gen detektè lafimen ak monoksid kabòn enstale nan kay ou. Chanje pil yo nan sezon prentan ak sezon otòn lè yo chanje lè a.
- Kenbe yon aparèy pou etenn dife ki mache lakay ou.
- Kenbe medikaman, pwodwi netwayaj ak lòt pwodwi chimik lwen pitit ou (sètadi, mete yo wo nan kabinèt la oswa nan yon kabinèt oswa tiwa ki gen yon kadna sekirite).
- Anrejistre nimewo telefòn Sant Kontwòl Pwazon Vil New York nan telefòn selilè ou: **212-POISONS (212-764-7667)**. Rele Sant Kontwòl Pwazon Vil New York la pou yo ba ou konsèy sou tretman pwazon posib ak kesyon sou sekirite medikaman, plant ak pwodwi pou kay.



Kenbe timoun ou yo an sante epi an sekirite lakay la.

Pou jwenn plis enfòmasyon, rele 311 oswa ale sou sitwèb **nyc.gov/health** epi chèche **healthy homes** (kay an sekirite).

